

## РАСТ НАДБÆЛ ЦÆУÆГ РÆСТВÆНДАГ КÆНУЙ, Æ ЦУДÆЙ НÆ ФÆЛЛАЙУЙ!..

***Владимир ПУТИН, Уæрæсей Президент:*** *«Ци æй абони журналистикæ? Нури уæнгæ ци адтæй, уомæй уоййасæбæл нæ фендæрхузон æй æ нисанеуæг – рæстдзийнадæ æвдесун... Нуртæккæ информацион технологитæ кæд æзнæтæй ирæзунцæ, уæддæр тæккæ сæйрагдæр æй информацион рæстзæрдæдзийнадæ æма рæстдзийнадæ, информаций æнæсайд æцæгдзийнадæ...»*




Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№1 (828) 2022 анзи 15 январь – æнсури мæйæ

Аргъ 1 туман




# ФАРНÆ ИТАУÆГ ÆХУÆДÆГ ДÆР ФÆРНÆЙДЗАГ ÆЙ!..

Зундгонд куд æй, утемæй 13 январи бабæй бæрæггонд цудæй Уæрæсей мухури Бон. Еци бæрæгбони фæдбæл нæ республики ци берæ цитгингæнæн мадзæлттæ арæзт æрцудæй, уонæн сæ сæйрагдæр иссæй Цæгат Иристони Сæргълæууæг **Сергей Меняйлой** фембæлд дзиллон хабархæссæг фæрæзнити минæвæртти хæццæ фембæлд Национ музейи. Нæ республики разамонæг еци фембæлди архайгутæн зæрдиагæй райарфæ кодта сæ бæрæгбони фæдбæл, уой хæццæ ба ма æ радзубандий баханхæ кодта уой дæр, æма медиакъабази косгути архайд цæйбæрцæбæл ахсгиаг æй не 'хсæнади сабурдзийнади, социалон-экономикон райрæзтæн, нæ фидтæлтиккон монон хæзнатæ багъæуай кæнунæн, ирæзгæ фæлтæрти гъомбæладон æма ма берæ æндæр ахсгиаг гъуддæгути.

Уой фæдбæл дзоргæй, Сергей Меняйло æримиста æма берæ цæмæдессаг дæнцитæ æрхаста, раздæр ци регионти куста, уоми журналистти куст ци фадуæтти цудæй, циуавæр бæрæг фарстатæбæл архайдтонцæ, цæмæй дзиллон информацион къабазæ хуæздæрæрдæммæ ирæза, цæмæдессагдæр уонцæ журналистти æрмæгутæ. Сергей Меняйло æ дзубандий рæстæг мадзали архайгути зæрдæбæл æрлæуун кодта, интернет æма иннæ электронон хизти размæ адæм мухури фæрæзнитæмæ киоскти ради куд лæудтæнцæ, уой дæр.

– Сæрмагонд киоскти адæймаг кæдфæндидæр æлхæдта, кæци газет æй гъудæй, уой. Адæм кастæнцæ журналтæ æма газеттæ зæрдиагæй. Æма нур кæд еци уавæр цæхгæрмæ раййивта, интернет информацион тугъдади сæйраг фæрæзнæ иссæй, уæддæр е уобæл дзорæг нæй, æма нæ къох бустæги исесæн мухури фæрæзнитæбæл. Ес нæ республики газеттæ, историон æгъдауæй гъæуайгонд ка 'рцудæй, хæзнатæбæл ке нимайæн, уæхæн республикон фæрæзнитæ.

2

# «УÆ КУСТÆЙ ЗÆРДРОХСДЗИЙНАДÆ ХÆССЕТÆ ÆМА ФÆРНÆЙДЗАГ УОТÆ!..»



Цæгат Иристони Парламенти Сæрдар **Алексей Мачнев** Уæрæсей мухури фæдбæл зæрдиагæй райарфæ кодта нæ республики журналисттæн, мухури Бони æма дзиллон хабархæссæг фæрæзнити еугур косгутæн дæр. Æ арфи радзубандий уотæ баханхæ кодта: «Цæгатиристойнаг журналистикæ цитгийнаг æй æ гъæздуг анзфинстæй, гъомусгин æгъдæуттæ æма фæткитæй. Цæмæй æ райрæзт æнтæстгин уа æма æнхæст кæна æ берæвæрсуг ихæстæ, уобæл хъæбæр æновудæй архайдтонцæ нæ искурдиадæгин журналистти берæ фæлтæртæ.

Абони дæр етæ фæнзуйнаг æнцæ журналистти нуриккон фæлтæрæн, уæлдайдæр ба, абони æ исфæлдистадон над кæмæн райдæдта, уонæн. Æма си беретæ æнтæстгинæй архайунцæ абони республики медиатугъдади фæрæзнити. Етæ 'хсæнадæмæ хъæртун кæнунцæ ахсгиаг æма ахедгæ хабæрттæ, æвдесунцæ политикон цард, экономикæ æма социалон къабæзти уавæр.

Мухури, рауагъдади æма полиграфий кадгин косгутæ! Уæрæсейаг мухури Бони уин мæ зæрдæ зæгъуй, цæмæй æнхæст уайтæ æнæсфедуйгæ хъаурæй, нифс, разæнгарддзийнадæй æма исфæлдистадон æнтæстдзийнæдтæй. Уæ исфæлдистадæ куд æргом кæна аллихузон цæмæдессаг æрмæгутæй, разæнгардæй куд архайайтæ нæ республики хуарздзийнади сæрбæлтау. Амондгун, фæрнæйдзаг уотæ, уæ размæ ци ихæстæ æвæретæ, етæ уæ къохи бафтуйæнтæ!

## АХСГИАГ ФАРСТА



# РАЙАРАЗУЙНАГ ГЪУДДАГИ КУСТАРÆХСТÆН ÆНТÆСУЙ!..

Нæ республики Хецауади Сæрдар ДЗАНАЙТИ Барис ци урух æмбурд исаразта, уоми бæлвурдæй æркастæнцæ Цæгат Иристони идарддæри социалон-экономикон райрæзти фæдбæл Уæрæсей Президент **Владимир Путини** амунддзийнæдтæ куд æнхæстгонд цæунцæ, уомæ (куд зонæн, утемæй уæхæн сæрмагонд амунддзийнæдти номхигъд федаргонд æрцудæй 2021 анзи августи Владимир Путин æма республики Сæргълæууæг **Сергей Меняйлой** фембæлди фæсте).

– Еци амунддзийнæдти фæрци, зингæ фæгъгъомусгиндæр уодзæнæй республики социалон-экономикон размæцуд.

2

## НÆ УÆЛИНДЗÆЙ КÆСГÆЙ

# КÆРÆДЗЕЙ ЛÆДÆРУН – СÆЙРАГДÆР

Уæрæсей мухури Бон бæрæг кæнгæй, куд гъæуама не 'сцитгин кæнæн, аци къабази хъазауатонти, уæлдайдæр ба сæ хестæрти!.. Уонæй еу æй **Къубалти Æнхъæли фурт Солтан** – нæ Иристони номдзуддæр лæгтæй еу, дæсгай æнзти дæргъи рæстзæрдæй фæллойнæ кæнуй нæ национ журналистики сæрбæлтау, разамунд лæвардта Кирови районы газет «Размæ»-йæн, æй Цæгат Иристони культури æскъуæлхт архайæг.

Журналист ци берæ монон домæнтæй ихæсгин æй, уонæй еу æй – дзилли размæ ци зæгъуйнæгтæ рахæссис федауцæн, уонæмæ гæсгæ гъæуама аразай дæхе цардиуагæ дæр. Æма Къубалти Солтан, куд журналист дæр æма хумæтæг ирон лæг дæр, уотæ раст еци хузи æ цæргæцæрæнбæнтти æнхæст кæнуй æ карни хабæрттæ. Æ исфæлдистадон кустæй уæлдай ма разæнгардæй архайуй æхсæнадон гъуддæгути, æновудæй хъиамæт кæнуй, цæмæй нæ адæми цардаразæг æгъдæуттæ æма фæткитæ тæккæ хуæздæр хузи æнхæстгонд цæуонцæ, агъазгæнæг нин уонцæ абони дæр æма исонибони дæр. Уой фæдбæл мухури фæрæзнити ахид фæззиннунцæ æ медесгун уацтæ дæр. Уонæй еу мах дæр абони мухур кæнæн 3-аг фарсбæл.

http://gazeta-digora.ru E-mail: gazeta-digora@inbox.ru gazeta_digoria

***НИГЕР (1896-1947), финсæг: «Зунди æстъæлфæнтæй зæрдæ нæ содзуй; билалгъæ дзубандитæ уомæ нæ гъарунцæ; аразгæ худтмæ æ гъос нæ даруй; кæнгæ æуууæлтæй æхе нæ сайуй... Зæрдæн æ зинг æхе дæр тавуй, æндагони дæр содзуй, фунук кæнуй...»***

# ФАРНÆ ИТАУÆГ ÆХУÆДÆГ ДÆР ФÆРНÆЙДЗАГ ÆЙ!..

Абони нæуæг æхсæнади æндæр хузи фарстатæ ес, нуриккон цардæн хецæн домæнтæ ка агоруй, уæхæнттæ, æма сæбæл архайун дæр нæуæгдæр мадзæлттæй гъæуй. Журналистики къабазæ нæ республики æнтæстгинбæл нимад цæуй, фал, уæддæр бæллун гъæуй хе журналистти æмæхсæнадæ исаразунмæ. Уоми уин никки фулдæр фадуат уодзæнæй кæрæдзей хæццæ ахиддæр æмбæлунæн, уæ кусти ахсгиагдæр фарстатæбæл дзубанди æма федæни нæуæг проекттæбæл рагъуди кæнунæн, – загъта нæ республики Сæргълæууæг.

Сергей Меняйломæ, ке зæгъун æй гъæуй, дзиллон хабархæссæг фæрæзнити косгутæ фарстатæ дæр лæвардтонцæ, мадта куд – журналистæн е æ куст æй. Æма республики Сæргълæууæг алке фарстайæн дæр лæмбунæг дзуапп равардта.

Фембæлди кæронбæттæни республики Сæргълæууæг Уæрæсей мухури Бони кадæн сæрмагондæй премитæ æма Кади гæгъæдитæй схуарзæнхгин кодта Иристони журналистти, анзи дæргъи цæмæдессаг æрмæгутæ ка цæттæ кодта, уони. Преми лæвæрд цудæй номинацитæмæ гæсгæ.

Уотæ, Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Сæргълæууæги преми алли номинацити райстонцæ **Золойти Фатимæ, Къадзати Станислав, Нанити Мæдинæ, Юлия Юрова, Кучити Александр, Дзгойти Алинæ, Тамарæ Бунтури, Къæбулти Иринæ, Черчести Зæринæ** æма **Темурхъанти Мæдинæ.**

Сæрмагонд преми лæвæрд æрцудæй газет «Дигорæ»-йи сæйраг редактор **Сакъити Эльбрусæн** æма æхсæнадон уацхæссæг **Герити Петрæн**.

Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Сæргълæууæги арфи финстæг ба райстонцæ **Эдьдар Афашоков, Гæззати Зæлинæ, Бигъати Дианæ, Сæбанти Миленæ** æма **Светланæ Громова.**

# НÆ ИСОНИБОН ЗÆРДÆХЦÆУÆНДÆР УÆД!..



ДЗИЛЛОН хабархæссæг фæрæзнитæмæ ни алкæмæ дæр æхе цæстингас ес – кадæртæ си берæ цæмæйдæрти боз æнцæ, кадæртæ ба сæ фаугæ кæнунцæ. Фал, цийфæнди аллихузон аргъ син ку кæнæн, уæддæр еу гъуддаг ба бæлвурдæй-бæлвурддæр æй – алли рæстæгути дæр æма аллихузон социалон-политикон цардарæзти дæр еци фæрæзнитæ адтæнцæ æма æнцæ догæ æма æхсæнади медуавæр æвдесæг сæйрагдæр мадзæлттæ. Уомæ гæсгæ ба, куд æнæгъæнæ дуйней дæр æма Уæрæсей дæр, уотæ махмæ Цæгат Иристони дæр устур ахедундзийнадæ ес уæхæн фæрæзнитæн. Уæлдайдæр ба, рæстзæрдæй си нæ республики хуарздзийнади сæрбæлтау ка аразуй æ архайд, уонæн.

Цард цæуй размæ, берæ аллихузон æййивддзийнæдтæ нин хæссуй нæ цардарæзти еугур гъуддæгутæмæ дæр. Уонæй «хайгингонд» цæунцæ дзиллон хабархæссæг фæрæзнитæ дæр. Уой фæдбæл адтæй нæ дзубанди нæ республики мухури æма дзиллон коммуникацити Комитети сæрдар **Фидарати Юрийи** хæццæ. Æма æ радзубандий уотæ баханхæ кодта:

– Нæ бæрæгбонбæл æмбæлæн аллихузон æнкъарæнти хæццæ: ес нæмæ, боз цæмæй ан æма нæхе цæмæй растауæн, уæхæн хабæрттæ дæр, уой хæццæ ба, хъæбæр сагъæссаг нин ка 'й æма нæ архайди ахедундзийнадæбæл хъоргæнæги хузи ка бæрæг кæнуй, уæхæн гъуддæгутæ дæр исæвзурдæнцæ. Зæгъæн, электрон информацион фæрæзнити фæззинд, еуемæй хуæрзæрдæмæ фæззиндтæй дзиллæмæ хабæрттæ тагъддæр хъæртунбæл, иннемæй ба уой фудæй зингæ фæццауддæр æй газеттæ æма журналти рафинсуни гъуддаг, адæми зингæ хай, уæлдайдæр ба æригон фæлтæртæ сæбæл уоййасæбæл æхцул нæбал æнцæ. Уомæн æма нуртæккæ дзиппидаргæ телефонтæ ес алкæмæ дæр. Нæ адæмæй беретæ газеттæ æма журналтæ кæсунмæ се 'ргом уотæ хъæбæр нæбал здахунцæ. Фал уæддæр мухури фæрæзнитæ куд нæ бæсти, уотæ Иристони дæр цæрунцæ æма, баруагæс уи уæд, цæрдзæнæнцæ. Цæмæй адæммæ фæххæстæгдæр уонцæ æма син дзиллæ сæ ахедундзийнадæ хуæздæр лæдæра, уой туххæй нæ журналти æма газетти редакцити дæр уæлæнхасæн исаразтан студитæ. Исефтонг сæ кодтан еугур гъæугæ техникон фæрæзнитæй. Уордæмæ хунд æрцæунцæ алли дæсниæдтæбæл хуæст адæймæгутæ æма газет кенæ журнали ахедундзийнади, уæдта æ медеси туххæй си алкедæр æ гъуди фæззæгъуй æргомæй. Уомæй уæлдай ма социалон хизти газеттæ «Северная Осетия», «Рæстдзинад», «Дигорæ» æма «Слово»-йæн, журналтæ «Мах дуг», «Ирæф», «Ногдзау»-æн ес сæхе фæрстæ еугур социалон хизти дæр. Уонæй пайда кæнгæй син се 'рмæгутæ фæккæсунцæ астæуккаг æма кæстæр фæлтæртæ дæр.

Нæ республики газеттæ æма журналти косунцæ фæлтæрдгун редактортæ, журналисттæ. Фал уæддæр нæ размæ ци сагъæссаг фарстатæ æвзуруй, уонæн сæ сæйрагдæр æй, се 'хсæн, уæлдайдæр кæстæртæй, минкъий ке ес, маддæлон æвзагбæл ка финсуй, уæхæн уацхæсгутæ. Æма никки бундоронæйдæр гъæуама байархайæн еци сахъатдзийнадæ исраст кæнунбæл, цæмæй æригон журналисттæ тулавастдæр кæнонцæ нæ маддæлон æвзагбæл финсунмæ, уой туххæй араздзинан ахедгæдæр мадзæлттæ. Еу, мæнмæ гæсгæ, ахсгиаг гъуддаг бал исаразтан – куд зонетæ, уотемæй цалдæр анзей размæ нисангонд æрцудæй нæ республики Хецауади премi, кæци лæвæрд цæуй, маддæлон æвзагбæл финсæг журналисттæй ка фескъуæлха, уонæн. Æма си нури уæнгæ ци цалдæр номинаций адтæй, уонæбæл ма фарæ бафтудæй еума – лæвæрд цæуй, маддæлон æвзагбæл финсæг райдайгæ журналисттæн. Мæнмæ гæсгæ, е разæнгард кæндзæнæй æригæнтти, æма етæ се 'ргом фулдæр æздахдзæнæнцæ нæ маддæлон æвзагбæл публицистон исфæлдистадæмæ. Нæ маддæлон æвзаги исонибон аразгæ 'й нæхецæй. Уомæн æма ибæл махæй уæлдай неке батухсдзæнæй. Уотемæй газеттæ «Рæстдзинад», «Дигорæ», журналтæ «Мах дуг», «Ирæф» ку некебал кæса, уæд нæ федæн уодзæнæй æбæрæг.

Мадта римæхстаг нæй, рауагъдадæ «Ир» маддæлон æвзагбæл ци киунугутæ уадзуй, уонæн дæр сæ тиражтæ, куд нæ федауй, уоййасæбæл минкъий фæуунцæ, хъæбæр ефстæгтæ си уагъд æрцæунцæ мин экземпляремæй.

Сæрмагондæй мæ зæгъун фæндуй еума, æнæмæнгæ ахсгиаг гъуддаги фæдбæл, кæци, æ исаразун нин ку бантæса, уæд, æруагæс ми кæнуй, æхцæуæн уодзæнæй нæ журналисттæн. Еузагъдæй, нæ республики Хецауадæмæ балæвардтан курдиадæ, цæмæй журналисттæн сæ мизд фæффулдæр кæнæн.

Иннæ ахсгиаг фарста – журналисттæн сæ кустæн гъæугæ уавæртæ аразун. Цалдæр хатти нæ Хецауадæй курдтон, цæмæй бундоронæй цалцæггонд æрцæуа республики мухури Хæдзарæ. Исаразтонцæ 'й Цæгат Иристони автономий æртинсæй анзей бонмæ. Мæ еци фæндæ исæнхæст кæнун мин ку бантæса, уæд зæгъинæ, дзæгъæли нæ фæццардтæн æма нæ фæккустон мæ абониккон бунати, зæгъгæ.

Нæ республики дзиллон хабархæссæг фæрæзнити архайд цæмæй ахедгæдæр уа æма æнхæстæй дзуапп дæтта нури рæстæгути домæнтæн, нæ дзиллæн зæрдтагон уонцæ, уой туххæй райаразуйнаг фарстатæ ма берæ 'нцæ, абони сæбæл бæлвурдæй дзорунæн равгæ нæййес, уæдта, мæнмæ гæсгæ, уонæбæл дзоруни бæсти сæ райаразунбæл архайун пайдадæр уодзæнæй, уомæ гæсгæ ба еци хузи архайдзинан. Мæ абони радзубандий кæронбæттæни ба мæ фæндуй нæ республики еугур журналисттæн, нæ дзиллон хабархæссæг фæрæзнити еугур косгутæн дæр зæрдиагæй райарфæ кæнун нæ профессионалон бæрæгбони фæдбæл, цæмæй зæрдрохс уонцæ сæ фæллойнæй, цæмæй сæ дзурд адæмæн нифсдæттæг æма разæнгардгæнæг уа, цæмæй иннæ анзи нæ бæрæгбонбæл исæмбæлæн никки æхцæуæндæр æййивддзийнæдти хæццæ. Æнæнез уогæй, æнтæстгин уотæ уæ арфиаг архайди!

***Дзубанди ниффинста***
***БИЧИЛТИ Алетæ.***

# РАЙАРАЗУЙНАГ ГЪУДДАГИ КУСТАРÆХСТÆН ÆНТÆСУЙ!..

Уотæ загъта Дзанайти Барис æ радзубандий райдайæни æма баханхæ кодта:

– Еугур еци æуууæлтæ хинцгæй, республики Хецауадæ гъæуама бæрнон æма еугурвæрсугæй къæпхæнгай лух кæна размæвæрд нисантæ.

Владимир Путини амунддзийнæдти бундорбæл арæзт æрцудæй бæлвурд социалон-экономикон мадзæлтти номхигъд. Уордæмæ бахастонцæ республики промышленности, гъæууон хæдзаради, цæрæнуатон-коммуналон хæдзаради, æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади, туризм æма иннæ къабæзти райрæзти нисантæ.

Зæгъæн, еци пълани бундорбæл республики гъæуама арæзт æрцæуа медицинон реабилитаций нуриккон Центр. Æмбурди архайгутæ куд фæббæрæг кодтонцæ, уотемæй бæлвурдгонд æрцудæй, еци центр кæми æрбунæттон уодзæнæй, еци зæнхи хай. Нуртæккæ профилон ведомствити специалисттæ цæттæ кæнунцæ центри арæзтади фæдбæл гъæугæ медицинон-техникон ихæслæвæрд.

Сæрмагонд æргом здæхт æрцæудзæнæй террористон фудракæндæй гъигæдард баййафæг Беслæни уæлæнхасæн агъази мадзæлттæ æнхæст кæнунмæ. Еци куститæ аразунцæ Беслæни райрæзти генералон пълани фæткæмæ гæсгæ. Æмбурди архайгутæ куд фæббæрæг кодтонцæ, уотемæй Уæрæсей Президенти амунддзийнæдти фæрци хæстæгдæр дууæ анзей дæргъи уæлæнхасæн фæрæзнитæ 3,6 миллиард сомей бæрцæ федералон центр радех кæндзæнæй Беслæни цæрæнуатон-коммуналон хæдзаради, ахуради, культурæ æма спорти объектти цалцæг æма арæзтадæн.

Дзанайти Барис еугур профилон министрадтæ æма ведомствити разамонгутæн дæр байхæс кодта, цæмæй афойнадæбæл бацæттæ кæнонцæ гъæугæ гæгъæдитæ, сæ арæзтади финансон игурæнтæ бæлвурдгонд кæмæн нæма æрцудæнцæ, еци объектти фæдбæл. Аци æуууæл фадуат ратдзæнæй, цæмæй еци объекттæ дæр хаст æрцæуонцæ сæрмагонд паддзахадон программитæмæ, æма сæ арæзтадæ 2023 анзи райдайа.



Æмбурди архайгутæ æркастæнцæ республики сæйраг сахари идарддæри райрæзти фарстатæмæ дæр. Сæрмагонд æргом раздахтонцæ Дзæуæгигъæуи ахсгиаг промышленнон æма инфраструктурон объектти идарддæри райрæзтмæ. Дзанайти Бариси дзубандимæ гæсгæ, еци фарстатæбæл косгæй, исбæрæг кæнун гъæуй фиццаградон объекттæ.

Республики сæрмагонд туристон кластер исаразуни фарстабæл дзоргæй, премьер-министр аразийæй нæ байзадæй нæ республики туризми Комитети кустæй:

– Дзоргæ берæ кæнæн, фал нæмæ бæлвурд проекттæ берæ нæййес. Уотемæй ба нури уæнгæ бацæттæ кæнæн адтæй, инвестортæн æма федæни туристтæн уæлдай цæмæдессагдæр ци объекттæ æма бунæттæ уодзæнæй, уони. Сæ идарддæри райрæзти фæдбæл бæлвурд фæндæнттæ. Республики æрдзон фæрæзнитæ туризми райрæзтæн хуарз фадуæттæ дæттунцæ. Фал мæнмæ раст нæ кæсуй, туристон кластери арæзтади пълан исхуæцæ-æрхуæцæгæнгæй цæттæгонд ке цæуй, е. Еци рæстæг ба республики иуазгутæй беретæ, туризми инфраструктури уавæрæй аразийæй нæ байзайгæй, фудæнгъæлæй раздæхунцæ.

**Зундгонд ирон поэт, Хетæгкати Къостай Паддзахадон премий лауреат Муртазти Алхæсти фурт Бариси райгурдбæл 1 январи исæнхæст æй фондз æма фондзинсæй анзи (1917-1966).**


КЪУБАЛТИ Солтан

# КÆРÆДЗЕЙ ЛÆДÆРУН – СÆЙРАГДÆР

**Нæ абони цардарæзти сагъæссагдæр фарстати фæдбæл зундгонд журналист Къубалти Солтан дзубанди кæнуй, Еугурадæмон æзмæлд «Иристони Нихæс»-и æгъдæутти Комитети сæрдар Моргуати Эдислави хæццæ.**


МОРГУАТИ Эдислав

**Къубалти Солтан:** Фиццагидæр мæ зæгъун фæндуй еу æхцæуæн хабари тухæй – зундгонд финсæг æма публицист Хетæгкати Къостай номбæл Паддзахадон премий лауреат, поэт Дзасохти Музаферæн аци бæнтти, бæлвурддæрæй 10 январи, исæнхæст æй фондз æма цуппарин сæй анзи. Æма ин уой фæдбæл хъæбæр зæрдиагæй арфæ кæнæн, нæ Исфæлдесæгмæ ин ковæн æма ин си корæн федар æнæнездзийнадæ, никки агъазиаудæр исфæлдистадон æнтæстдзийнæдтæ.

Нæ абони дзубанди дæр мæ райдайун фæндуй, Музафер кæддæр æ публицистон уацтæй еуеми ци гъуди загъта, уомæй: «Минкъий адæми нимæдзæн цалдæр хатти фæффулдæргæнæн ес. Ихæлд сахартæ æма гъæуи бунати исирæзуй, ка 'й зонуй, рæсугъддæр æма аййевдæр сахартæ æма гъæутæ. Æндæр æй æвзаги гъуддаг. Æвзагбæл дзорæг ку нæбал уа, уæд ин æнæ рамæлгæ нæййес. Мард ба некæдма неке райгас кодта. Нæ адæми сæ еугурей дæр æндæр æвзагбæл исдзорун кæнæн ес, фал уой фæсте уонæй еу дæр маддæлон æвзагбæл нæбал исдзордзæнæй. Махæй ба беретæ ирон мадæ æма фидæй райгурдæнцæ, ирон тог се 'уæнгти гъазуй, утемæй ба сæ маддæлон æвзагбæл дзорун нæ зонунцæ...»

Нæ дзубандий æвзаги коййæй хумæтæги нæ райдæдтон. Уомæн æма е æй нæ цардиуаги фулдæрæй-фулдæр гъуддæгути райарæзти сæйрагдæр рахуæцæн. Уой лæдæргæй, нæ дзиллæ архайунцæ, цæмæй нæ маддæлон æвзаг цæра æма ирæза, цæмæй зæрдтагон уа нæ абони кæстæртæн æма ибæл æхцул уонцæ, æ исонибон дæр уа зæрдæмæдзæугæ. Гъулæггагæн, кадæртæ си хуарзæн нæ, фал фуддæрæн дæр испайда кæнунмæ багъавунцæ. Нæ маддæлон æвзагæн дууæ æмбарæ къабази ке ес, уобæл, мæнмæ гæсгæ, дзубанди дæр нæййес æма гъæуама еугуремæн дæр лæдæрд уа. Еци къабæстæ ба 'нцæ ирон æма дигорон æвзæгтæ. Æма нин гъæуама уонцæ нæ еугæнæг, уомæ гæсгæ ба сæбæл æмхузон ауодæн. Уой фæдбæл дæр Музафер уотæ зæгъуй: «Уадзæ æма ирæзонцæ ирон æвзаг дæр æма дигорон æвзаг дæр. Дууæ æвзаги ке 'нцæ, уомæй тæрсун нæ гъæуй. Тæрсун гъæуй, еу æвзаг дæр нин ку нæбал уа, уомæй...»

**Моргуати Эдислав:** Æз дæр зæрдиагæй арфæ кæнун Музаферæн æ райгурæн бони фæдбæл. Æновудæй хъиамæт кæнуй нæ Иристони сæрбæлтау, берæ хуæрзти ин бацудæй, æма ин æ еци арфиаг гъуддаги никки фулдæр бантæсæд!..

Музафери гъудити хæццæ æз дæр кæрæй-кæронмæ арази дæн, рагæлдзийнагæй си неци ес. Æз ма сæмæ бафтауинæ: ирон адæймаги ном кади хæццæ хæссун ке фæндуй, е гъæуама ма иронх кæна нæ аллибони царди сæйраг бунат ке ахæссунцæ нæ маддæлон æвзаг, нæ фидтæлтиккон æгъдау, уоди фарнæ. Уони хæццæ ма ранимайун гъæуй еэдондзийнади фæткитæ: рæстдзийнадæ, хебæлхуæцундзийнадæ, удиконди кæддзосдзийнадæ, сæр сæрмæ хæссун æма иннæ хуарз менеугутæ. Æма ескæмæн уайдзæфтæ кæнуни разæй бал алкедæр æхемæ æркæсæд: еци домæнтæмæ гæсгæ цæруй æви...

Адæймаги царди ахсгиаг бунат ахæссуй ездондзийнадæ. Уобæл хуæст ка нæй, æ тоги кæмæн нæй, уæхæнттæ дæр нæмæ, гъулæггагæн, хъæртуй, уонæн сæ сæйраг хотух æй мæнгарддзийнадæ, сауæнгæ ма сæ ардбахуæрдбæл дæр гадзирахаттæй рацæунцæ. Е нæ, фал ма рæстуод адæймагæн маст исаразунцæ, цъифкалæнтæ ибæл кæнунцæ. Ниллæуунцæ фудгæнæги надбæл, архайунцæ айдагъ синхæнтти нæ, фал ма кусти æма æхсæнади хæлар цард фехалунмæ. Гъулæггагæн, уæхæнттæ фæстаг рæстæгути æгæр берæ кæнун байдæдтонцæ. Мæнæ æвзæгти фæдбæл хилкъахæн дзубандитæ ка кæнуй, етæ дæр гъе уонæй æнцæ. Баруагæс уи уæд, уонæмæ нæдæр маддæлон æвзаги, нæдæр ба нæ адæми идарддæри карни сагъæс ес – сæ миутæ 'нцæ сæхе хецмæрез фæндитæ райаразун.

**Къубалти Солтан:** Раст æй дæ гъуди. Ке кой кæнис, уонæй, æвæдзи, феронх æй, нæ фидтæлтæ кæд зин æма кадавар уавæрти цардæнцæ, уæддæр цардæнцæ æнгомæй, кæрæдзей лæдæргæй æма нимайгæй, кæрæдземæн адтæнцæ агъазгæнæг æма нифсдæттæг. Кæд сæ фулдæр уæззау бæнттæ æрвистонцæ, уæддæр фæразон адтæнцæ сæ ездондзийнадæй æма удиконди федауцæй, æвæдзи, сæрустур дæр æма фæразон дæр уомæй адтæнцæ.

Уой фæдбæл берæ историон æвдесæнтæ æримисун æнгъезуй. Зæгъæн, Донай тугъди (1877-1878) Уæрæсей æфсади инæлæртти деси æфтудта нæ бархеуонти ездондзийнадæ, кæстæр (кæд афицер уидæ, уæддæр) хестæрæн куд лæггадæ кодта. Советон Цæдеси разамонгутæй еу, æмбесондæн имиста, æхуæдæг æхе цæститæй ке фæууидта, еци хабар: цæветтонгæ, Мамсурати Хаджи-Умари хæццæ уой райгурæн гъæу Ольгинскийи ку адтæй æма син уоми сæ кадæн фингæ ку исараztонцæ, уæд номдзуд инæлар хестæрти рази лæудтæй урдуг, лæггадæ кодта, æ фидæ Джиор æ хæдзарæмæ æртæ къерей исковунмæ ке 'рбахудта, уонæн.

Уæхæн дæнцитæ еу æма дууæ нæ 'нцæ. Æнæуой, ци зæгъдзæнæ, нæ Иристони номдзуддæр лæгтæ, не 'мдогон инæлæрттæ Плити Иссæ, Мамсурати Хаджи-Умар, Карсанти Хъазбег, Дзусати Ибрагим, нæ республики раздæри разамонгутæ Хъæбæлоти Билар, Галазти Æхсарбег æма ма берæ æндæртæ цæйбæрцæбæл хуæрзæгъдаугин, адæмуарзон адтæнцæ æма дзиллæн дæр уомæ гæсгæ ба абони дæр ма зæрдтагон æнцæ, нерæнгæ дæр сæ бозæй имисунцæ. Е, æвæдзи, уой фæрци дæр æй, æма син нæ маддæлон æвзаг æма нæ адæми æгъдæуттæ æнæфæххецæнгæнгæ монон хæзнатæ адтæнцæ.

**Моргуати Эдислав:** Раст зæгъис, æвзаг æма æгъдауæн фæххецæнгæнæн нæййес. Се 'мбæрцæ ба, мæнæ раздæр куд загътан, ездондзийнадæн дæр. Уони фæрци недзамантæй нури уæнгæ нæ адæми 'хсæн æнгомдæр, хуæздæр æма федардæр кодтонцæ рахастдзийнæдтæ, цардарæзти фæткитæ.

Гъулæггагæн, еуæй-еуетæ уони феронх кæнунцæ. Æма уотæ ку фæззæгъунцæ, е нури доги хæлхъойгæнæг фæззиндтити фудæй æй, зæгъгæ, уæд æз уæхæн «хатиргæнæг» гъудий хæццæ арази нæ дæн. Алли рæстæгути дæр æма алли уавæрти дæр æфсармæ еухузон адтæй, æма си сæхе тиллеф кодтонцæ, уой æгъдæуттæмæ гæсгæ цæрун ке нæ фæндадтæй, айдагъдæр етæ. Нури доги дæр уотæ 'й. Æдзæсгон алкæддæр æдзæсгон адтæй, æй æма уодзæнæй. Гъе уæхæнттæ иселлæг унцæ хе æстаунмæ, фудмиутæ аразунцæ, раст адæймæгутæбæл цъифæ калунцæ.

Адæймаг уæхæн гъуддæгутæ гъæуама æ сæрмæ ма хæсса. Кæрæдзей уарзгæй, еу иннæмæн хатир кæнгæй ку нæ аразæн нæ цард, уæд нæбæл нæхе фудæй устур фудбæлæхтæ æрцæуздзæнæй, уонæн сæ тæккæ фуддæр – ниддехтæ уодзинан. Уой фæдбæл зундгонд журналист æма финсæг Цгъойти Хазби æ публицистон уацтæй еуеми уотæ финсуй: «Е мæнæй цæмæй лæгдæр æй», зæгъгæ, еци æнæхайири гъуди ке зунди нифферар æй, е хуарзæй неци иссердзæнæй нæдæр æ муггагæн, нæдæр æхсæнадæн, нæдæр адæмæн...»

**Къубалти Солтан:** Æвæдзи, афонæ 'й еци хахургæнгутæн аккаг нихкъуæрд раттунæн. Æхсæвæй-бонæй æнæпайдайæй, айдагъдæр еске зæрдæ фæрресун кæнон, зæгъгæ, ка архайуй, уонæн мæ фæндуй зæгъун: уæ хуарзæнхæй, байархайетæ уой бæсти уæ бийнонти цард фæхххуæздæр кæнунбæл, кæстæрти раст надбæл исаразунбæл. Уотæ ку бакæнайтæ, уæд адæм кæрæдзей хуæздæр балæдæрдзæнæнцæ. Рагъуди кæнæн: рæстдзийнадæ ци дзубандий нæ уа, уой цæмæн гъæуй мухури фæрæзнити æма социалон хизæгти фæрци адæми 'хсæн хæлеу кæнун?

**Моргуати Эдислав:** Уæлдæр искодтан Интернет æма социалон хизæгти кой. Æнæмæнгæ, етæ берæ цæмæйдæрти нæ абони царди пайда 'нцæ. Фал, цума, сæ зæран дæр берæ минкъийдæр нæй, уотæ дæмæ нæ кæсуй? Хуæздæр нæ уидæ, еци фæрæзнити ка архайуй, етæ ескæбæл цъифæ калуни бæсти алкедæр си æхе ку бафæрсидæ: абони мæ адæмæн сæ цард фæхххуæздæр уа, зæгъгæ, уомæн ци исаразтон; мæ кæстæртæ циуавæр уагæбæл лæууд æнцæ?.. Уотæ ку нæ уа, уæд хуарздзийнадæмæ маке æнгъæлмæ кæсæд.

**Къубалти Солтан:** Хазби æ еу æрмæги уотæ дæр ма финсуй: «Нæ фидтæлтæ хумæтæги нæ дзурдтонцæ: «Зæгъуни размæ дæ гъуди бауулæ æма 'й ранихъуæрæ. Кæд дæ хъури нæ фæббадæ, уæд æй зæгъæ!..» Еци загъди æцæгдзийнадæ абони кадæртæ нецæмæ дарун райдæдтонцæ, æма сæмæ дзоруйнаг ку неци фæууй, уæддæр дзæнгæда кæнунцæ, зунд амонунцæ, фæндæнттæ хæссунцæ. Унаффæ кæнунцæ, адæми тухсун кæнунцæ...»

Е æцæгæйдæр уотæ ке æй, уой абони дæр нæхуæдтæ нæ уинæн – æнæгъæнæ дуйне ци фуднезæй тухсуй, уой фудæй тæссаг эпидемиологон уавæр исæвзурдæй Цæгат Иристони дæр. Æма нæ адæми еци еминæй фæййервæзуни фæдбæл паддзахади 'рдигæй ци æнæмæнгæ гъæугæ мадзæлттæ арæзт цæуй, уони нихмæ дзоргутæ нæмæ, гъулæггагæн, разиндтæй. Æгириддæр гъуддаг дæр ке нæййес, медицини лæдæргæ дæр ка неци кæнуй, етæ сæхе искодтонцæ Иристони дзиллæбæл мæтæгæнæг, унаффæгæнæг нин исcæнцæ. Интернет æма социалон хизæгти фæрци вакцинаций нихмæ ка тох кæнуй, етæ 'нцæ сæ адæми хуарздзийнади нихмæ тохгæнæг. Уæхæнттæн уотæ зæгъун: «Зæнхи цъарæбæл сæ зунд æма кæрæдзебæл хуæцунæй зундгонд æнцæ дзиуиттæгтæ. Сæ паддзахадæ Израили баргъон кари цæргутæ еугурæйдæр, æнæмæнгæ, искодтонцæ вакцинаци. Нур ба ралæудтæй, дууадæс анземæй фулдæр кæбæл цæуй, еци сувæллæнтти кезу. Аци адæмихатт æ исонибонбæл хъæбæр æновудæй тухсуй, æма уомæн уотæ кæнуй».

**Моргуати Эдислав:** Дæ хæццæ арази дæн, зундгин адæммæ игъосун æма сæ хуарздзийнадæй фæнзун гъæуй, кæд дæ ести базонун фæндуй царди, уæд. Уæ фарнæ берæ, мах дæр æнæгъæнæ бийнонтæй искодтан прививкитæ. Куд балæдæрдтæн, утемæй сумах дæр, Солтан. Уомæн ни неке нецихузи хъоргонд æрцудæй, нæхе дзæбæх лæдæрæн, мадта ду дæр æма дæ бийнонтæ дæр уотæ.

Уой туххæй дзурдтан æма ма дзордзинан. Фал мæ нæ дзубандий кæрони зæгъун фæндуй еу гъуди: æгъдауæй æма ездондзийнадæй æ фидтæлтæмæ хестæг дæр ка нæ лæууй, етæ дæр сæ реугудуртæ фæхххуайунцæ, æнæгъæуаги гъæр кæнунцæ: «Мæнæн мæ фидтæлтæ уотæ кодтонцæ». Утемæй ба, еуемæй сæ ку бафæрсай, нæ фидтæлти хуæрзæгъдаудзийнадæ æцæгæй цæхуæн адтæй, уæд «ратиллеф-батиллеф» дзубандитæй уæлдай бæлвурд дзуапп раттунгъон не 'сунцæ, иннемæй ба етæ сæхуæдтæ ести бæлвурд пайдахæссæг гъуддагæй неци æвдесунцæ, кæстæртæмæ хуарзæй неци радæттунцæ. Гæрр, уой нæ лæдæрунцæ, æма сæ æримисгæ «æгъдæуттæй» нæ адæмæн, уæлдайдæр ба, ирæзгæ фæлтæрæн ци зиан хæссунцæ, уой. Æви 'й лæдæрунцæ, фал сæ фурхевастæй, сæ хеуарзон «æз дæн!..»-æй уотитæ кæнунцæ?.. Уæхæнттæн мæ фæндуй зæгъун: «Афонæ 'й кæрæдзей балæдæрунæн!..»

**Къубалти Состан:** Кæронбæттæни ма мæ фæндуй Цгъойти Хазбийи киунугæ «Æгъдау – царди медес»-æй æрхæссун скъуддзаг: «Цард догъ æй, æма еци догъи разæй фæууни тухххæй исæфуй нæ ирондзийнадæ. Фæлорс кæнæн, æма, ци адæм ан, е иннæ адæмтæн зин балæдæрæн иссæй. Утемæй ба нæхецæй нæхе рази боз ан... Уотæ, гъай-гъайдæр, æнцондæр цæрæн æй... Фал, баруагæс уи уæд: уæхæн æнцон царди адæ нæййес!» Хазбийи аци загъд уомæ гæсгæ æримистон, æма хуарз уидæ, алкедæр ибæл ку расагъæс кæнидæ æма æ цардиуаги хабæрттæ уотæ ку аразидæ, цæмæй си æхуæдæг дæр зæрдрохс уа æма дзиллæ дæр.

**Советон Цæдеси Бæгъатæр Литвинов Василий Михаили фурти райгурдбæл 1 январи исæнхæст æй сæдæ анзи (1922-1974). Дзæуæгигъæуи цардæй 1954 анзæй фæстæмæ, куста завод «Электроцинк»-и.**

*Эпиктет, рагон ромаг разагъди лæг: «Æхцатæ, æнцон цард æма кадæ ке гъæуй, уонæй еу дæр адæми нæ уарзуй: адæми уарзуй айдагъдæр хуæрзгæнæг... Рæстдзийнади сæрбæл тох кæнгæй, фæуунæлахез унмæ макæд бæллæ: еугæр рæстдзийнадæ дæ къохи æй, уæд уæлахез дæр ду фæууиндзæнæ...*




# АДÆМÆН ЗÆРДРОХСДЗИЙНАДÆ ХАСТА, НИФСГУН ÆМА РАЗÆНГАРД СÆ КОДТА...

***Берæ æности дæргъи æгуппæгæхгæд ка адтæй, еци уазал æма æнод цæрæнбунатæн къæразгæ ку исаразай æма имæ дуйней рохс ку бауадзай, уой хузæн адтæй нæ дзиллæн фиццаг ирон газети фæззинд...***

***Уæхæн зæрдæхцæуæн загъдæй бацийнæ кодтонцæ, Иристони райдзастдæр исонибонбæл дзурдæй æма гъуддагæй дæр ка тухстæй, еци рæстмæгъудигæнæг адæймæгутæ, хъæбæр рагæй кæмæ бæлдтæнцæ, еци «Ирон газет» ку фæззиндтæй, уæд. Цийнæ ибæл кодтонцæ уомæн, æма уой фæрци сæ фидиуæзæги еугур къумтæмæ фегъустæй царди гъæр, адæммæ игъусун байдæдтонцæ, сæхе бæсти дæр æма сæ алливæрсти дæр ци хабæрттæ цудæй, етæ.***

***Сауæнгæ фиццаг номерæй фæстæмæ аци газетæн æ дзубандий сæр иссæй, уæди рæстæги (уогæ абони дæр!..) алцæмæйдæр ахсгиагдæр ка адтæй, еци дзоруйнаг: æнæмæнгæ гъæуй, цæмæй нæ адæм сæхе æнхæстбаргинæй æрлæдæронцæ, кæрæдземæ æнгомдæр æрбалæуyонцæ, сæр сæрмæ хæссонцæ, раззагдæр адæмихæттити сæ цардарæзтæн пайдахæссæг гъуддæгутæй фæнзун байдайуонцæ. «Ирон газет»-æн ци фараст номери рауадзун бантæстæй, уони æрмæг цæмæдесæй кæсæн абони дæр, уæдта, æруагæс ни кæнуй, кæсдзæнæнцæ ’й исонибони фæлтæртæ дæр – финсæг дæр, историк дæр, ахургæнæг дæр, дохтир дæр, хумæтæги косæг дæр си æхецæн иссердзæнæй ести ахсгиаг хабар. Е уомæн уотæ ’й, æма газет ка аразта, етæ фарни лæгтæ адтæнцæ, сæ адæми цæрайæй цардæнцæ. Ета ба адтæнцæ: Гæздæнти Дзибин, Æмбалти Цоцко, Когинати Сабан, Гæдиати Цомахъ, Хъанухъуати Алмахсидт, Бутати Аслæнбег, Уртати Хъамболат... Аци зæрдæргъæвд адæмбæл тухбегара нæ адтæй, ирон æвзагбæл газет рауадзетæ, зæгъгæ, сæбæл сæрмагонд ихæс неке исæвардта, фал сæ сæ фидибæстæ еузæрдиуонæй ке уарзтонцæ æма уомæн хуарздзийнæдтæй фескъуæлхун сæ царди ахсгиагдæр ихæсбæл ке нимадтонцæ, уомæ гæсгæ исразæнгард æнцæ еугурадæмон гъуддаг исаразунмæ. «Еске цума барæй равзурста аци лæгти редакций коллективæн, – финста номдзуд революцион архайæг æма публицист Гæдиати Цомахъ. – Уони 'хсæн адтæй дохтир, ахургæнæг, агроном, ирон «Райдайæн киунугæ» аразæг, студент-юрист, студент-медик, студент-филолог...» Уомæ гæсгæ ба, газет ци фарстатæбæл финста, етæ дæр аллихузон уомæн адтæнцæ.***

***Паддзахи бæрнон косгутæ уайтæккæ æ над æрæхгæдтонцæ газетæн: устур нацити нæ гъудæй, минкъий адæмтæ сæхе æрлæдæронцæ, е. Уотæ адтæй раздæр, уотæ ’й нур дæр зæнхи цъарæбæл кæмидæриддæр.***

***«Ирон газет»-æй ма байзадæй бæрæг æстæн экземпляртæ. Уомæ гæсгæ исфæндæ кодтан, ци уацтæ си рацудæй, уонæй сæ ахсгиагдæрти рамухур кæнун. Махмæ гæсгæ, ци фарстати фæдбæл си цæуй дзубанди, етæ берæ цæмæйдæрти ахсгиаг æнцæ нæ абониккон цардиуаги дæр. Бакæсетæ сæ лæмбунæг, æма ’й уæхуæдтæ дæр балæдæрдзинайтæ, уотæ ’й æви нæй...***

***Аци уацтæй кæцидæртæн сæргæндтæ нæ адтæй, уомæ гæсгæ ба нæхемæ еци барæ райстан æма син сæ медесмæ гæсгæ равардтан сæргæндтæ.***



## ЛÆГЪУЗГÆНГУТÆ — ЕУГУР АДÆМИ ЦАРДИХАЛГУТÆ...

– Нæ бæстæ дзенет уидæ, лæгъузгæнæг нæмæ ку нæбал уидæ, – адæм уотæ фæдздзорунцæ.

Ес уæхæн гъæутæ дæр, айдагъ лæгъузгæнæгæй уæлдай æндæр естæмæйтæй ка тухсуй...

Зæнхæ кæмæ нæййес, уалæ хонхи хузæн, уонæмæ ма никкидæр устурдæр тухсдзийнæдтæ ес.

Адæм берæ естæмæйти тухсунцæ: кæми æнæ зæнхæй, кæми фудæгъдæуттæй, фудхецæуттæй, æнæ унаффæй, æнæ ахурæй...

Лæгъуздзийнæдтæн сæ фулдæр уой туххæй фæззиннуй, æма адæми цард æгъдаубæл æвæрд нæ фæууй.

Зæнхæбæл ци адæмтæ ес, уонæмæ сæ еугуремæ ку 'ркæсæн, уæд си еу гъуддаг рартасдзинан: цæйбæрцæбæл адæм æнæфхуæрддæр æнцæ алцæмæй дæр, цæйбæрцæбæл сæ цæрæн фадуæттæ хуæздæр æнцæ, цæйбæрцæбæл адæми ’хсæн ахурдзийнадæ тухгиндæр æй, уæдта æнæуой дæр адæм сæхуæдтæ лæдæргæдæр æнцæ, уоййасæбæл адæми ’хсæн алли лæгъуздзийнадæ минкъийдæр æй, уæлдайдæр давун, марун...

Еуæй-еу рауæн æцæг лæгъузгæнæг уоййасæбæл ахид нæй, кæд мæгурæй æма æфхуæрдæй цæрунцæ адæм, уæддæр – хецæутти тухæ еуæй-еу хатт бауорамуй лæгъузгæнæги, хъæбæр сæ ку бафæндуй æма дæсни æвнæлд ку бакæнунцæ гъуддагмæ, уæд. Адæм фæссабур унцæ. Фал... уæхæн сабур берæ нæ рахæссуй...

Хуцау ку раттидæ, бæргæ, кæддæриддæр хуарз æма дæсни хецæуттæ! Фал сæ адæм куд зонунцæ, уотемæй уæхæн хецау ефстагмæ фæззиннуй, фуни ’й адæм берæ хæттити фæууинунцæ, æргомæй ба ’й ду фæууинæ!..

Адæм сæ еугур кæрæдзей хæстæгмæ ку балæдæрунцæ, уæд си лæгъузгæнæгæн фæззинæн дæр нæбал ес. Æ зæрди ма лæгъуз кæнун кæмæн ес, е дæр балæдæрдзæнæй, кæд æрра кенæ хуæрзисæфт нæй, адæм лæгъузгæнæгæй сæ исæфт уинунцæ уой, æма барæ-æнæбари банцайдзæнæй.

Ес уæхæн бæститæ, æнæгъдау бæститæ, мæрдтæ ефстагæй уæлдай кæми нæ зиннунцæ, дессагæн сæ дзорунцæ. Махмæ ба давун æма маруни хабар дуæ-æртæ бонемæ ку нæ фегъосæн, уæд дес кæнæн.

Нур махмæ дессаг фæккæсдзæнæй, еуæй-еу устур ахургонд адæмтæмæ давæг, марæг, устур знаггадæгæнгути нимайун ке байдæдтонцæ æрратæбæл, сæрихъанзæй незгунтæбæл.

Æма æцæгæй ку æркæсунцæ еци лæгъузгæнгутæмæ, уæд фулдæр хæттити ахургæндти дзурд раст разиннуй, æма беретæ дзорунцæ: лæгъузгæнæг ахæстдони кæнуйнаг нæй, фал сæйгæдони, æррати кæми дзæбæх кæнунцæ, уæхæн сæйгæдæнтти. Гъай-гъай, махмæ уотæ ка зæгъа, уомæн тæккæ фиццаг æхебæл исæвæрдзæнæнцæ æррай ном.

Мах уотæ æнæлæдæргæ ан, æма нæмæ нур дæр ма æнæзунд ка нæй, æрра ка нæй, уонæй дæр беретæ давунцæ...

Зундгин адæмтæмæ æррай, фудзунди ном ци гъуддæгутæй иссеруй адæймаг, уомæй си мах бæсти ерунцæ хуарз ном, лæги ном.

Хуæрзæрæги ма адæми зингæ лæгтæ сæхецæн хуарз ном давун æма марунæй кодтонцæ. Нур ма си ескæмæн зæгъæ: рамарæ, радавæ: сæ фулдæр дин уой бæсти сæхе рамарунбæл исарази уодзæнæнцæ. Нæ цæстæй уинæн, цард куд æййевуй, зунд куд ирæзуй... Æрцæуй махæн дæр зунди рæстæг...

Нæ бæстæ лæгъузгæнгутæй хъæбæр тухсунцæ: е æй рагæйдæр нæ бæсти нез, уой туххæй адæми загъд, «дзенет уидæ нæ бæстæ, лæгъузгæнæг ку нæбал уидæ», раст æй...

Мæгурæй, фæрнугæй лæгъузгæнæг еугурей дæр æмхузон тухсун кæнуй. Давæг неке æвзаруй – мæгур уа, бонгин уа; мæгурбæл ма ахиддæр исæмбæлуй æ фидбилиз. Еунæг бæх еугур комæн æй, уомæн уой радава – æ хæдзари ихæлд.

Æвæдзи, адæмтæ ку балæдæронцæ, ци ’гъдаубæл аразун гъæуй цард, уæд си лæгъуздзийнæдтæ нæбал игурдзæнæй...

Фал цалинмæ адæмти цард рæстдзийнадæбæл арæзт фæууа, уалинмæ дæр ести унаффитæ кæнун гъæуй, адæми цæрун ка нæ уадзуй, еци лæгъуздзийнæдтæн. Уонæн ци хуæздæр гæнæнтæ ес, уой туххæй ниффинсдзинан æндæр хатт.

***

Лæгъузгæнæг цæмæй мабал уа, уой туххæй кодтонцæ: алли пъиристæфæн

**Номдзуд поларон тæхæг, Советон Цæдеси Бæгъатæр Котов Илья Спиридони фурти райгурдбæл 1 январи исæнхæст æй дæс æма фондзинсæй анзи (1912-1961). Райгурдæй сахар Мæздæги.**

дæр не 'хсæнæй агъазгæнæг исæвзарæн æма уонæн барæ радтæн, лæгъузгæнæг фесафунæн амал куд кæнонцæ, уотæ.

## ЕУГУРÆЙДÆР ИСФÆЛМÆСТ ÆНЦÆ ГЪÆУИ ÆДЗÆЛЛАГÆЙ...

Лæдзæгбæл ходæ æркæнæ, кард бабæттæ, рæхис æрауиндзæ, æма дин е дæр гъæуихецау.

Нур æнæгъæнæ анз нæ хецауи æгудзæгдзийнадæй нæ гъæу зæууатмæ æрцудæй: нæдтæ фехалдæнцæ, донмæ фагустæ калунцæ, зæнхæ æнæгъудгондæй байзадæй æма, ке кæми фæндуй, уоми хумæ кæнуй. Мæгур адæмæн дзæхæрадони хæйттæ дæттун къулумпи кæнуй. Нерæнгæ сметæ æвæрд нæма 'й, утемæй расклад есуй, æхе цæйбæрцæ фæндуй, уоййасæ.

Гъæуæн унаффæгæнæг æй сход, æнхæст ба унаффитæ гъæуама кæна гъæуихецау.

Фал махон æ нифс нецæмæ хæссуй, æма сход дæр нæбал æмбурд кæнуй. Гъæу æдзæллагдæр кæнуй, уой мæтæ имæ нæййес, айдагъдæр ин улупа цæуæд.

Фарæ гъæуи ист лæгтæ пригæвæртæ, хуарз æгъдæуттæ исаразтонцæ, æма райдайæни адæм исуолæфунцæ, фал уæдта нæ гъæуихецау сходи унаффæ къулумпи кæнун байдæдта, æма нур, раст ку зæгъон, уæд æхсæни гъуддæгутæй æ зæрдæ некæмæн бал рохс кæнуй, æма гъæу гъæууат фæцæй...

Еугур адæм дæр уотæ исфæлмæст æнцæ гъæуи æдзæллагæй, æма алли бон дæр гъæуихецауæн дзорунцæ: «Фесафтай гъæу, дæхе райсæ...»

Фал уæддæр е æ цæсгон нивварддта æма адæми гъæрмæ æ гъос тæбæрт дæр нæ кæнуй. Æвæдзи, æ разæй ке адтæй, уони нæдтæбæл æй рауайун фæндуй.

## ИРОН АДÆМИ ЦАРД БАКУЙ

Рагæйдæр нæ ирон адæм цудæнцæ ардæмæ косунмæ, цæмæй сæ хæдзæртти æгудзæгдзийнæдтæ исаразонцæ.

Фиццаг беремæй нæ адтан. Нур ба еу 300 лæгей бæрцæ ан.

Ами нæ адæмæй ка ес, етæ сæ еугур дæр сæхебæл хуарз хуæцунцæ, кусти медæги сæхебæл нæ ауæрдунцæ, къæндзæстуг ирон дзилли нæ кæнунцæ, лæгъуз, æнæгъдау гъуддæгутæй сæхе хуарз гъæуай кæнунцæ...

Уой туххæй ирон адæмæн над дæттуй алкедæр. Бакуй ирон адæмæй ес лæгтæ алли гъуддаги: ес си саугустгæнгутæ, гъæуайгæнгутæ, слесæртæ, дзæбокæйхуайгутæ, табелфинсгутæ, машинисттæ, механиктæ, ес си никкидæр ма æндæр бунæттæ...

Сабур, кæрæдзей гъæуайгæнгæй, цардан мах æцæгæлон сахари нури уæнгæ...

Нур не 'хсæн еу лæг фæззиндтæй æма æ лæгъуз гъуддæгутæй мах нæ еугурей дæр ходуйнаг кæнуй...

Æнæгъдау гъуддæгутæ сосæггагæй нæ байзайунцæ, фæстагмæ син раргом унцæ... Лæгъуз гъуддæгутæ нæмæ ка кæнуй, уонæй еуей туххæй мæ фæндуй дууæ загъди кæнун. Ами цардæй еу биццеу Салугæрдæнæй, Фæрдзинти Дзипка Бутуй фурт.

Адæм куд дзорунцæ, уомæ гæсгæ, еци биццеу куста ами еу науæлæууæни гъæуайгæнæгæй. Уордигæй æй расурдтонцæ æма рандæй Балаханмæ, уоми агурдта æхецæй æгудзæгдæрти. Ку сæ иссирдта, уæдта син загъта: «Мæн рарвиста ардæмæ еу наути агент, цæмæй науæмæ 12 матроси байхуæрсон, уой туххæй, мизд алкæмæн дæр мæйæ 6 тумани, мæхуæдæг ба уодзæнæн æртиндæсæймаг».

Мæгур биццеутæ бауæндтæнцæ еци сайæн дзубандитæбæл æма загътонцæ сæ хуæрзгæнæгæн: «Мадта мах нæ куст ниууадздзинан æма цæуæн науæмæ косунмæ».

Бутуй фурт райста уæд еци биццеутæн сæ паспорттæ, уæдта алкæмæй дæр фæйнæ 5 соми, цæмæй, дан, ма фæссайæтæ науи хецæутти, уой тухххæй...

Æхца æма паспортти хæццæ Дзипка Балаханæй рандæй. Бакуй паспорттæ фæстæмæ рарвиста, æхуæдæг ба машини исбадтæй æма фескъардта Уæрæсемæ гъæуайгæнæги бунат агорæг...

Уайтæккæ дæр биццеутæ балæдæрдтæнцæ, ке сæ фæссайдта Бутуй фурт, уой, æма æ фæсте Бакумæ æрбацудæнцæ. Вагзали гъуддаг ку балæдæрдтæнцæ, уæд жандармтæн загътонцæ, тел рарветтæ æма Дербенти вагзали Фæрдзинифурти æрахæссетæ æма 'й фæстæмæ Бакумæ исласетæ.

Нур бал бадуй устур ахæстдони.

Фæстæдæр ин ци бакæндзæнæнцæ, е бæрæг нæма 'й.

Уæхæн сахъ гъуддаг бакодта нæ хуарз Бутуй фурт. 12 биццеуи сæ бунæттæй рацæун кодта, æма нур етæ æнæ кустæй бадунцæ Бакуй.

Аци хабарбæл цæуй къуæре.

***Афæхъо ХЪУЛАТИ***
***Баку.***

## ЗÆНХИ ГЪУДДÆГУТÆ – ХÆЛХЪОЙАГ

*(Думи унаффæ)*

Думæ ку 'рбадтæй, унаффæ кæнун ку байдæдта адæми гъуддæгути тухххæй, уæд депутаттæ æмхузонæй исарази 'нцæ фиццагидæр зæнхи гъуддаг равзарунбæл. Уой тухххæй, æма аллирдигæй адæмтæ сæ ист лæгти ку 'рвистонцæ, уæд син бафæдзахстонцæ: «Фиццагидæр нин зæнхæ... Истухстан, нæ бон нæбал æй æнæ зæнхæй цæрун...»

Берæ фæдздзубанди кодтонцæ адæми ист лæгтæ, берæ фæффæрститæ кодтонцæ кæрæдзей, берæ фæгъгъуди кодтонцæ æма фæстагмæ баунаффæ кодтонцæ: зæнхæ Уæрæсей берæ ес. Раст æгъдаубæл æй байуарæ, уæд алкæмæн дæр æ фагæ уодзæнæй, уæд алкедæр æхе дарунгъон уайдæ.

Фал кæми ес рæстдзийнадæ.

Еуæй-еуетæн ес дæсгай дæсæтинтæ, иннетæмæ ба гæбазæ дæр нæййес. Уомæ гæсгæ гъæуй, загъта Думæ, зæнхæ еугурæй дæр байуарун, уой тухххæй æма етæ зæнхæй цæрунцæ æма син зæнхæ гъæуама фагæ уа...

Думæ исфæндæ кодта фиццагидæр къазнай зæнхитæ байуарун, уой фæсте ба, паддзахи муггагмæ ци зæнхитæ ес уони, уæдта иурст гъæуама æрцæуонцæ аргъауæнти æма монастырти зæнхитæ.

Ке ранимадтан, еци зæнхитæ хъæбæр берæ 'нцæ; сæ хецæуттæ сæ мæгур адæмæн устур аргъбæл аренди дæттунцæ æма бонæй-бонмæ гъæздугдæр кæнунцæ, косæг адæм ба мæгурæй– мæгурдæр.

Фал къазнай, удели æма аргъауæнти зæнхитæ иурст ку 'рцæуонцæ, уæддæр мæгур адæмæн фагæ нæ уодзæнæнцæ...

Зæнхæн æ фулдæр æма æ дзæбæхдæр пъамещиктæмæ æй, æма цалинмæ еци устур будуртæ æрдехтæ кæнонцæ, уæдмæ косæг адæмæн зæнхæ фагæ некæд уодзæнæй.

Думæ еци гъуддæгутæмæ дæр æркастæй æма уотæ баунаффæ кодта: пъамещикти зæнхитæн æвзурст лæгтæ раст аргъ искæнæнтæ æма сæ еци аргъæй къазна балхæнæд, уæдта сæ байуарæд косæг адæмæн...

Унаффитæ кæронмæ не 'рхъæрдтæнцæ. Думæ исфæндæ кодта зæнхи тухххæй нæуæг закъон рауадзун, фал æй хецæуттæ нихгæдтонцæ, уомæн æма æ унаффитæ сæ зæрдæмæ нæ фæццудæнцæ.

Гъуддæгутæ ба, фиццаг куд адтæнцæ, уотемæй æрхаудтæнцæ.

***АС-БЕК***

## ДЗИУАРÆ: ЦÆМÆН СИ МÆЛУНЦÆ НÆ СУВÆЛЛÆНТТÆ?

Исæфæн, бустæги исæфæн, фудæзнаги фæндон кæнæн, нæ минкъийтæ устур ку нæбал кæнонцæ, уæд.

Алли бон дæр хонхи, будури дзиуарæй мæлунцæ æнагъон сувæллæнттæ, мæлунцæ бон дæс-финддæсгæйттæй, мæлунцæ стортæ дæр. Къуар гъæуеми аци æртæ мæйей дæргъи берæ сувæллæнттæ рамардæй, берæ хæдзæрттæ бустæги исревæд æнцæ, райзадæнцæ æнæ сувæллæнттæй, беретæн сæ хæдзæрттæ бабун æнцæ. Кæугæ æма дзиназгæй байзадæнцæ берæ мадтæлтæ сæ бæдæлтти фæсте.

Адæм сæхе зонун ку байдæдтонцæ, уæдæй нурмæ сæ дзиуарæ цæгъдуй.

Берæ адæмтæ си нæ фæййервæзунцæ æнæ фæссæйгæй. Алли 10-15 сæйгемæй рамæлидæ æртæ, иннетæй ка хъæрæу, ка сохъур, ка къуру кодта, ка фудконд хæбозæцъухæй байзадæй.

Еу нез дæр адæмбæл уотæ нæ тухæ кодта.

Куд багъæуай кодтайуонцæ сæхе, уой неке зудта, фал кæмæн куд æ зунд амудта, уотæ æхецæн амал кодта: ка сайтанæн, ка дзиуæрттæн лигъстæ кодта, ка гъæдæмæ лигъдæй, фал уæддæр нез æ кæнон нæ уагъта.

Ирон адæм раги базудтонцæ аци нез.

Нарти кадæнгити дæр æ кой ес. Еци рæстæги 'й худтонцæ «хæбозæ». Фал æй фæстагмæ ирон адæм хонун байдæдтонцæ еци нез дзиуарæ.

Нур æ номи фæрци æнгъæл æнцæ адæм, цума аци нез дзиуари фудæй æй, æма дзиуарæн ковунцæ.

Дзиуарæн адæм ковунцæ, фал уæддæр дзиуарæ æ кæнон нæ уадзуй æма сабийти цæгъдуй...

Нур фагæ 'й! Балæдæрун афонæ 'й. Дзиуарæмæ ковунæй неке фæййервæздзæнæй, фал дзиуарæ (хæбуз) æфтаунæй ервæзунцæ еугурæй дæр.

Куд базудтонцæ адæм дзиуарæ æфтауæн?

Алкедæр зонуй: дзиуарæ фæууй фонсбæл дæр. Бæхæн донхæбозтæ фæззиннуй æ къæхтæбæл, гъогæн æ фæздонæбæл, фусæн æ бауæрбæл кæмифæндидæр.

Адæм раги базудтонцæ, дзиуарæ фонсæй адæмбæл ке 'фтуйуй, уой.

Еу хатт, 100 анзи ибæл цæудзæнæй, уотæ, Англиси еу гъæу еугурæй дæр дзиуарæй басадæнцæ, айдагъдæр еу уосæй уæлдай.

Еци уосæн æ гъог сæйгæ адтæй æма, уой доцгæй, гъоги фæздонæбæл ци хузæн хæбозтæ адтæй, уæхæнттæ уоси къохтæбæл дæр фæззиндтæй...

Аци хабар фегъуста еци гъæуи дохтир Дженнер.

Дженнер уомæй фæстæмæ бафеппайдта: фонси дзиуарæ адæмæй кæбæл бацæфсидæ, е иннæ дзиуарæй нæбал кодта сæйгæ. Уæдта кæми бацæфса, уоми дæр дууæ донхæбози исуй, æндæр нæ, сæйгæ дæр си нæ кæнунцæ.

«Мадта, – загъта дохтир, – гъоги цъæйæ сувæллæнттæбæл æфтаугæй, сæ уодтæн тæссаг нæ уодзæнæй, дзиуарæй ба ервæздзæнæнцæ».

Ку бабæй фæззиндтæй дзиуарæ гъæуи, уæд дохтир Дженнер бавналидæ æма сувæллæнтти бауæри еу-дууæ рауæни карди фиййæй цъæрæмухститæ искæнидæ æма сæ гъоги цъæйæй исарста.

Уотемæй Дженнер кæбæлдæр бафтудта, еу дæр си дзиуарæй нæбал фæссæйгæ 'й. Хъæбæр æхцæуæн куд нæ адтайдæ дохтир Дженнерæн, ке иссирдта хуасæ дзиллитæ бунисæфт ци нез кодта, уомæн.

Уайтæккæдæр Дженнер фегъосун кодта аци хабар алли бæстити дохтиртæн.

Етæ дæр гъоги цъæйæй дзиуарæ æфтаун байдæдтонцæ æма, раст Дженнер куд загъта, уотæ рауадæй: кæбæл бафтауиуонцæ, уонæй еу дæр дзиуарæй нæбал фæссæйгæ уидæ.

Уæдæй нурмæ дзиуарæ æфтаун алкæми дæр базудтонцæ.

Немуци бæсти дзиуарæй сæйгæ дæр, мæлгæ дæр некебал кæнуй. Уоми дууæ хатти æфтаунцæ: фиццаг – анзмæ, дуккаг – дæсанздзудæй, уомæн æма еу æфтуд дæс анземæй фулдæр не 'нхус кæнуй.

Уотæ кæнунцæ зундгин адæмтæ, æ нез дзиуари барæ ка нæ кæнуй. Махмæ дæр зонунцæ дзиуарæ æфтаун, фал уæддæр цæмæн мæлунцæ нæ сувæллæнттæ, уой тухххæй ба радзубанди кæндзинан æндæр хатт.

***Хъæмболат***

## «ÆГАСЦО, ÆГАС, МÆ ХЪАЗАР ÆМБАЛ!»

Рагæй-æрæгæмæ кæмæ бæлдтан, кæмæ нæ билтæ хуардтан, кæмæ ивазтонцæ сæхе нæ зæрди уедæгтæ?

Ирон газетмæ!..

Алли адæммæ хицæ цæй тухххæй кодтан æма нæ цæститæ цæмæ ниууорс æнцæ, еци газет фæууинун нин ку бантæстæй, уæд ракастан ходгæй, барохс æй цæсгон, байгъæлдзæг æй зæрдæ, барæуæг æнцæ иуæнгтæ...

Хор исдардта æ билæ нæ уарзон хуæнхтæй, æ ходгæ цæсгон равдиста махмæ æма нин нæ зæрдæ байгъæлдзæг кодта... Байрæзай, байрæзай, нæ нæуæгигурд æма дин бантæса берæ хуарз æгъдæуттæ... байтауæ нин, байтауæ дæ хуарз зунди муггаг аллирауæн, мах ба ин æ зад курестæ бæстон куд бæттæн!..

Августи 2 бон Чъребай (Цхинвали) изæри 5 сахаттебæл райстан не 'нгъæлдзау хъазар ирон газет. Устур дессаг адтæй еци изæр ирон адæми цийнæдзийнадæ! Зæрдæ пæлхъ-пæлхъ кодта, æндæмæ æхе тудта фурцийнæй...

Еу рауæнмæ бакæсæ – еу къуаремæй фæрсунцæ нæ хабар итауæги; еу æрбатъæбæртт кæнуй иннемæ хуæрзæнгорæггаг: уартæ æрхъæрдтæй газет!..

Тъæбæртт мæмæ кодтонцæ хæлæфæй æма æскъафтонцæ аллирдæмæ ирон газет.

Хъæбæрдæр мин мæ зæрдæ баунгæг кодта еу æмгарæ: раскъафта газет мæ къохтæй, фæрракæсæ-бакæсæ имæ кодта, уæдта ин нибба кодта æма загъта: «Æгасцо, æгас, мæ хъазар æмбал!» Æма фурцийнæй æ цæстисуг æркалдта...

Берæ байурстан адæмæн æма сæ фервистан алли гъæутæмæ дæр, берети зæрдитæ сæребарæй исуолæфтæнцæ газети фæууиндæй.

***ГУЛИТИ Ефим***
***Чъреба «Ирон газет», 1906, №7.***

## ГЪÆУГÆ ФÆСДЗУРД

Иристони дзиллæ бæргæ цийнæ кодтонцæ, сæ маддæлон æвзагбæл сæмæ кæдæй-уæдæй газет ке фæззиндтæй, уобæл. Фал сæ цийнæ берæ на рахаста – «Ирон газет»-и фиццаг номер рацудæй 1906 анзи 23 июли, мæйи фæсте 1906 анзи 20 августи ба 'й нихгæдтонцæ. Кæд æхгæд Терки облæсти генерал-губернатори бардзурдмæ гæсгæ æрцудæй, уæддæр еци æведауцæ гъуддаг æрцæунбæл байархайдтонцæ нæхе адæмæй кадæртæ, генерал-губернатормæ сæ хахуртæ æрветгæй.

Нæ маддæлон æвзагбæл мухури фæрæзнити абониккон уавæр дæр хъæбæр сагъæссаг иссæй – уомæн æма син сæ карнæмæ нæ дзиллæ æгæр цийфæнди цæстингасæй кæсунцæ, уомæ гæсгæ сæ тиражтæ ходуйнаги минкъийæй-минкъийдæр кæнунцæ...

**Номдзуд революционер æма паддзахадон архайæг Мамсурати Гидзой фрут Сахангерийи райгурдбæл 7 январи исæнхæст æй авдинсæй анзи (1882-1937).**

*Нæ Исфæлдесæг, нæ Цитгин Хуцау, нæ райгурæн Иристонбæл алкæддæр армдарæг æма ауодæг адтæй æма 'й. Æма имæ абони дæр ковæн æма си корæн, цæмæй нæ идарддæр дæр æ рæвдудæй хайгин кæна, агъазгæнæг нин уа, цæмæй нæ уодтæ*



# Ирон къæлиндар

## ТЪÆНДЖЫ МÆЙ (ЯНВАРЬ)

Ног азы бæрæгбон – 1 бон – сабаты
Цыппурс (ирон нымадмæ гæсгæ) – 6 бон – цыппæрæмы
Цыппурс (чырыстон нымадмæ гæсгæ) – 7 бон – майрæмбоны
Ног мæрдтæн æртгæнæнтæ – 8 бон – сабаты
Бынаты бардуаджы æхсæв – 11 бон – дыццæджы изæрæй
Зæронд Ног азы бæрæгбон – 13-14 бонты – цыппæрæмы изæрæй
Бадæнтæ – 16 бон – хуыцаубоны изæрæй
Донæскъæфæнтæ – 19 бон – æртыццæджы
Фацбадæн – 23 бон – хуыцаубоны

## ÆРТХЪИРÆНЫ МÆЙ (ФЕВРАЛЬ)

Стыр Нафы бæрæгбон – 6 бон – хуыцаубоны
Гыццыл Нафы бæрæгбон – 13 бон – хуыцаубоны
Комахсæн (Гал кусартгæнæн хуыцаубон) – 20 бон – хуыцаубоны
Фыдыкомбæттæны къуыри – 21-27 бонты –

## ТÆРГÆЙТТЫ МÆЙ (МАРТ)

Урсы къуыри (Цæрвкъахæнтæ) – 28 февралæй – 6 мартъимæ
Стыр комбæттæны бон – 6 бон – хуыцаубоны
Аларды – 7 бон – къуырисæры
Стыр комбæттæны райдайæн – 7 бон – къуырисæры
Тутыртæ – 7; 8; 9 бонты –
Рæстæйы бон – 10 бон – цыппæрæмы
Хор-хоры бон (Рæмон бон) – 15 бон – дыццæджы
Фыццаг лауызгæнæнтæ – 18 бон – майрæмбоны
Рагон Ирон Ногбон – 21 бон – къуырисæры
Дыккаг лауызгæнæнтæ – 25 бон – майрæмбоны

## ХУЫМГÆНÆНЫ МÆЙ (АПРЕЛЬ)

Къостайы мысæн бон – 1 бон – майрæмбоны
Астæумархо (Кæфхæрæн) – 6 бон – æртыццæджы
Зазхæссæн – 16 бон – сабаты
Урсы дзуары бон – 17 бон – хуыцаубоны
Къутугæнæнтæ – 17 бон – хуыцаубоны
Дзимыры Саниба – 24 бон – хуыцаубоны
Горийы дзуары бон (Хуссар Ирыстоны) – 24 бон – хуыцаубоны
Арсайы Уастырджийы бон – 24 бон – хуыцаубоны
Куадзæн – 24 бон – хуыцаубоны
Мæрдты куадзæн – 25 бон – къуырисæры
Цæуæггаг – 28 бон – цыппæрæмы
Тхосты Уастырджийы бон – 28 бон – цыппæрæмы
Таранджелоз – 28 бон – цыппæрæмы

## Зæлдæвæрæны мæй (май)

Бæлдæрæн – 1 бон – хуыцаубоны
Аларды – 2 бон – къуырисæры
Фæлвæра – 3 бон – дыццæджы
Касутæ – 8 бон – хуыцаубоны
Ирон æвзаджы бон – 15 бон – хуыцаубоны
Зæрдæвæрæн – 26 бон – цыппæрæмы

## ХУРХÆТÆНЫ МÆЙ (ИЮНЬ)

Мыкалгабыртæ – 2 бон – цыппæрæмы
Кæрдæгхæссæн – 5 бон – хуыцаубоны
Уæлæмæсыджы Мады-Майрæм – 6 бон – къуырисæры
Амаддзаг (Бæтæхъо) – 6 бон – къуырисæры
Ломисы Уастырджийы бон – 8 бон – æртыццæджы
Реком – 11-18 бонты
Дауджытæ – 12 бон – хуыцаубоны
Цыргъобау – 19 бон – хуыцаубоны
Мызуры зæд – 19 бон – хуыцаубоны
Уацилла – 20 бон – къуырисæры
Дзывгъисы Уастырджийы бон – 21 бон – дыццæджы

## СУСÆНЫ МÆЙ (ИЮЛЬ)

Хетæджы Уастырджийы бон – 10 бон – хуыцаубоны
Ныхасы Уастырджийы бон – 10 бон – хуыцаубоны
Гæлиаты Авд дзуары бон – 10 бон – хуыцаубоны
Дзири дзуары бон – 10 бон – хуыцаубоны
Кæхцгæнæнтæ – 17 бон – хуыцаубоны
Рагъы дзуары бон (Хуссар Ирыстоны) – 17 бон – хуыцаубоны
Фæроны дзуары бон – 17 бон – хуыцаубоны
Фыры дзуары бон – 18 бон – къуырисæры
Хохы дзуары бон – 20 бон – æртыццæджы
Хуыцауы дзуар – 24 бон – хуыцаубоны
Бызы Сау барæг – 26 бон – дыццæджы
Дыгуры зæды бон – 30 бон – сабаты
Къобы Уастырджийы бон – 31 бон – хуыцаубоны
Атынæг – 31 бон – хуыцаубоны

## МАЙРÆМЫ МÆЙ (АВГУСТ)

Таранджелоз (Тырсыгомы) – 1 бон – къуырисæры
Сырх дзуары бон – 1 бон – къуырисæры
Задалесчы Нанайы бон – 6 бон – сабаты
Беслæны Уастырджийы бон – 7 бон – хуыцаубоны
Дурджын Бæрзонд Уастырджийы бон – 14 бон – хуыцаубоны
Рыны бардуаг (Галзилæн) – 21 бон – хуыцаубоны
Зилгæйы Уастырджийы бон – 21 бон – хуыцаубоны
Ног дзуары бон – 22 бон – къуырисæры
Майрæмы куадзæн – 26 бон – майрæмбоны
Майрæмтæ – 28 бон – хуыцаубоны
Ирыхъæуы дзуары бон – 28 бон – хуыцаубоны

## РУХÆНЫ МÆЙ (СЕНТЯБРЬ)

Беслæн. Номарæн – 1, 2, 3 бонты
Джеры дзуары бон – 4 бон – хуыцаубоны
Æрджынарæджы фæндагсары Уастырджийы бон – 4 бон – хуыцаубоны
Бурсамдзелийы дзуары бон – 4 бон – хуыцаубоны
Фæззæджы Аларды йы бон – 5 бон – къуырисæры
Нары дзуары бон – 7 бон – æртыццæджы
Фыдыуанийы (Сосланы куывд) – 11 бон – хуыцаубоны
Сидæны Мыкалгабыры бон – 15 бон – цыппæрæмы
Гуццаты дзуары бæрæгбон – 20 бон – дыццæджы
Мады-Майрæмы бон – 21 бон – æртыццæджы
Зары Уастырджийы бон – 22 бон – цыппæрæмы

## КÆФТЫ МÆЙ (ОКТЯБРЬ)

Дзылаты Уастырджийы бон – 2 бон – хуыцаубоны
Фæззæджы Тутыр – 3 бон – къуырисæры
Мигъдау – 9 бон – хуыцаубоны
Ичъына – 9 бон – хуыцаубоны
Дыгуры Уастырджийы бон – 9 бон – хуыцаубоны
Къостайы райгуырæн бон – 15 бон – сабаты
Хоры сæры куывдтæ – 30 бон – хуыцаубоны

## ДЖЕОРГУЫБАЙЫ (ЧЫНДЗÆХСÆВТЫ) МÆЙ (НОЯБРЬ)

Джеоргуыба (Гал кусартгæнæн хуыцаубон) – 20 бон – хуыцаубоны
Уастырджимæ кувæн æхсæв – 21 бон – къуырисæры изæрæй
Уастырджимæ кувæн къуыри – 21-27 бонты
Дзывгъисы Уастырджийыл фæдзæхсæн бон – 27 бон – хуыцаубоны
Уастырджийыл хи фæдзæхсæн бон – 27 бон – хуыцаубоны
Уастырджийы фæндаграстгæнæн æхсæв – 28 бон – къуырисæры изæрæй
Цыппурсы мæй (декабр)
Ныкколайы бæрæгбон – 4 бон – хуыцаубоны
Цыппурс (ног нымадæй) – 25 бон – хуыцаубоны
Ногбоны æхсæв – 31 бон – сабаты изæрæй

### ЯНВАРЬ

| НД | ПН | ВТ | СР | ЧТ | ПТ | СБ | ВС |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 52 | | | | | | 1 | 2 |
| 1 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 |
| 2 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 |
| 3 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 |
| 4 | 24 | 25 | 26 | 27 | 28 | 29 | 30 |
| 5 | 31 | | | | | | |

### ФЕВРАЛЬ

| НД | ПН | ВТ | СР | ЧТ | ПТ | СБ | ВС |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 5 | | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 |
| 7 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 |
| 8 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 | 26 | 27 |
| 9 | 28 | | | | | | |

### МАРТ

| НД | ПН | ВТ | СР | ЧТ | ПТ | СБ | ВС |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 9 | | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| 10 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 |
| 11 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 |
| 12 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 | 26 | 27 |
| 13 | 28 | 29 | 30 | 31 | | | |

### АПРЕЛЬ

| НД | ПН | ВТ | СР | ЧТ | ПТ | СБ | ВС |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 13 | | | | | 1 | 2 | 3 |
| 14 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 |
| 15 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 |
| 16 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 |
| 17 | 25 | 26 | 27 | 28 | 29 | 30 | |

### МАЙ

| НД | ПН | ВТ | СР | ЧТ | ПТ | СБ | ВС |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 17 | | | | | | | 1 |
| 18 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 |
| 19 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 |
| 20 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 |
| 21 | 23 | 24 | 25 | 26 | 27 | 28 | 29 |
| 22 | 30 | 31 | | | | | |

### ИЮНЬ

| НД | ПН | ВТ | СР | ЧТ | ПТ | СБ | ВС |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 22 | | | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
| 23 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 |
| 24 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 |
| 25 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 | 26 |
| 26 | 27 | 28 | 29 | 30 | | | |

### ИЮЛЬ

| НД | ПН | ВТ | СР | ЧТ | ПТ | СБ | ВС |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 26 | | | | | 1 | 2 | 3 |
| 27 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 |
| 28 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 |
| 29 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 |
| 30 | 25 | 26 | 27 | 28 | 29 | 30 | 31 |

### АВГУСТ

